



AF 2019-20

Pwopozisyon Bidjè





**TOTAL PWOPOZISYON
BIDJÈ AF 2019-20 :
\$8,904,314,000**




28,396 pòs nan bidjè a

Pwopozisyon pou Taks

TABLO MILEYAJ

Inite Fiskal	Mileyaj Aktyèl AF 2018-19	To Mileyaj ki Propoze pou AF 2019-20	Chanjman de AF 2018-19 a Mileyaj Aktyèl
Fonksyonnan pou Tout Konte-a	4.6669	4.6669	0.00%
Distrik Sèvis Ponpye nan Miami-Dade	2.4207	2.4207	0.00%
Sistè Bibliyotèk Piblik Miami-Dade	0.2840	0.2840	0.00%
Total Millage Subject to 10 Mill Cap	7.3716	7.3716	0.00%
Zòn Sèvis Minisipal ki Pa Enkòpore (UMSA)	1.9283	1.9283	0.00%
Total Mileyaj pou Fonksyonnan	9.2999	9.2999	0.00%
Dèt Tout Konte-a	0.4644	0.4780	2.93%
Dèt Distrik Ponpye	0.0000	0.0000	0.00%
Total Miletaj pou Fonksyonnan ak pou Dèt	9.7643	9.7779	0.14%

Pri Gouvènman



Pwopozisyon Bidjè pou AF 2019-20

- Ajoute 90 lòt Ofisyè Polis ki dwe deplwaye nan estasyon distri nou yo pou bay plis prezans lapolis nan lari ak katye yo
- Ajoute twa novo inite ponpye: yon novo inite refoulman, yon novo inite sekou ensandi, ak yon novo inite sekou ponpye ayeryen pou MDAD
- Pwolonje orè Sistèm Bibliyotèk la, pi gwo ki janm genyen, epi ogmante finansman pou liv ak materyèl
- Mete sipò ak efò sansibilizasyon ki gen rapò ak Kanpay Resansman 2020 an
- Ogmante finansman pou inisyativ sekirite jèn ak kominote
- Kontinye planifikasyon pou koridò Tranzit Rapid Estratejik Zòn Miami an (SMART) epi kòmanse Tranzit South Dade la
- Etabli yon novo Pwogram Envestisman Enfrastrikti nan tout Konte a (CIIP) ki va mete aksan sou renovasyon ak reyabilitasyon etablisman Konte nou an posede oswa opere




Pwopozisyon Bidjè pou AF 2018-19

Baz Travay 100 Vil Rezilyan Rockefeller yo

- Sante ak Byennèt
- Ekonomi ak Sosyete
- Enfrastrikti ak Anviwònman
- Lidèchip ak Estrateji

305
RESILIENT

www.resilience305.com



Sante ak Byennèt

- Finanse yon nouvo Kontwòl Moustik DSWM ak ekipman epi laboratwa mobil Jesyon Abita pou pèmèt pèsonèl a fè tès sou maladi ki ap parèt epi etann pwogram tès la jewografikman e biyolojikman
- Ogmante finansman pou òganizasyon kominotè debaz yo a \$3.9 milyon pou bezwen espesifik distri

Ekonomi ak Sosyete

- Kontinye sipò pou sekirite nan lekòl piblik primè nan UMSA; Lekòl Piblik Konte Miami-Dade ap ranbouse efò sa a nèt
- Kontinye finansman pou Pwogram Boot Camp la (\$6.3 milyon)
- Kontinye ranplasman 136 vwatí Metrorail; yon livrezon 260 bis ki mache ak gaz natirèl konprese epi konstriksyon yon etablisman pou gaz natirèl konprese va kòmanse
- Ogmante finansman pou sipòte sibvansyon kiltirèl (\$2.654 milyon)

Enfrastrikti ak Anviwònman

- Ajoute yon lòt ekip antretyen plaj pou amelyore pwòprete plaj ak redwi pwopagasyon alg sou rivaj la
- Plante 1,000 pyebwa adisyonèl kòm yon pati nan Inisyativ Milyon Pyebwa nan Miami an
- Kontinye aplikasyon Sistèm Jesyon Sikilasyon Avanse a (ATMS) avèk plis pase 300 entèsekson amelyore rive nan fen 2019 la
- Etann Inisyativ Sekirite Katye MDPD a ki gen ladan ekipman ShotSpotter, nan amelyore zòn ki gen sistèm deteksyon lè zam tire avèk lektè plak ak kamera fiks adisyonèl, epi elajisman platfòm analiz vidyeo a
- Kòmanse pwoesisis konsepsyon pou ranplase dis estasyon ponpye epi resevwa livrezon 2 novo bato ponpye
- Kontinye finansman pou 20 wout medyan ak 12 sèvis koupe zèb bò wout epi li genladan 2 sèvis debranchaj vètikal
- Komanser reyabilitasyon pakou gòlf Country Club Miami yo kòm yon pati CIIP a




Lidèship ak Estrateji

- Finanse efò sipò ak sensibilizasyon ki gen rapò ak Kanpay Resansman 2020 an. Plis enfòmasyon disponib sou sit entènèt Konte a. Sèlman tape “Census 2020”
<https://www8.miamidade.gov/global/census2020/home.page>
- Sipòte 23 lokal Vote pi Bonè pou Preferans Prezidansyèl eleksyon 2020 an
- Kreye yon Kat Pwen “Resilient Scorecard”, yon premye konsa, pou ede chak depatman Konte a swiv aktivite li yo atravè kat (4) dimansyon rezilyans yo ki ap fè pwomosyon pwochen dirabilite kominote nou an
- Sipòte efò ki gen rapò ak Estrateji Resilient305 pou kòlte ak defi rezilyans yo nan kominote nou an



Pwopozisyon Bidjè pou AF 2018-19

- Revni ki repete sipòte sèvis ki repete
- Rezèv yo reprezante 4.73 poustan fon Fonksyònman Jeneral ak Rezèv pou Entèvansyon Dijans pwojte pou genyen yon balans \$100 milyon rive AF 2024-25



Rekòmandasyon pou Ajisteman Pri

- **Dlo Potab ak Egou:** Revizyon estrikti tarif; sa yo ki avèk pi gwo konsekans povrete yo va wè epay yo
- **Taksasyon Espesyal Distri:** ajiste jan sa nesesè pou kouvri kou amenajman peyizaj, ajan sekirite, limyè
- **Dechè Solid:** pri rezidansyèl BCC apwouve 18 jen 2019 la te monte \$20.00 anplis a \$484 anyèlman; depotwa te monte (1.13%) pa Endis Pri Konsomasyon
- **Divès:** Aviyasyon, Prevansyon Dife, Afè Kiltirèl, Medsen Lejis ak Pò

Pwoesisi Elaborasyon Bidjè a pou AF 2019-20

- Soumisyon Bidjè a bay OMB: **11 fevriye** ✓
- Aktivite yo pou Elaborasyon Bidjè a: **mas - jen** ✓
- Lis Fiskal Preliminè Final: **1ye jiyè** ✓
- Soumisyon Pwopozisyon Bidjè a: **9 jiyè** ✓
- Odyans Piblik BCC, Apwobasyon Montan TRIM yo: **18 jiyè** ✓
- Reyinyon Piblik sou Bidjè a: **mwa dawout** ←
- Odyans Piblik sou Bidjè a: **5 sept ak 19 sept**
 - Reyinyon Komisyon Plenyè: 29 dawout: **28 dawout ak 16 septanm**
- Nouvo Ane Fiskal la ap kòmanse: **1ye oktòb**

Prezantasyon sa a, epitou lòt detay sou Pwopozisyon Bidjè a,
disponib sou sit wèb nou an:

Pwopozisyon Bidjè a:

<https://www8.miamidade.gov/global/management/budget/2019-20-proposed-budget.page>

Powerpoint (disponib nan 3 lang):

<https://www8.miamidade.gov/global/management/budget/fy-2020-budget-process.page>



Mèsi



Kesyon ak Repons

